ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
КЕГЕЙЛИ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ
ҚАРОРИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
КЕГЕЙЛИ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ
ШЕШИМИ

230500, Кегейли шахарчаси Гарезсизлик кўчаси, 4 уй
Тел.: (8 361) 412-24-39 факс: (8 361) 412-14-39

230500, Кегейли посёлкасы Гәрезсизлик көшеси, 4 жай
тел.: (8 361) 412-24-39 факс: (8 361) 412-14-39

№ 142-02 «04» февраль 2017-жыл

Кегейли районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 31-январдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Реже (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2003 йил, 1-2-сон, 17-модда)ге тийкар ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 27-январдағы 02-08/5-01/43-санлы мәжилис баянламасын басшылыққа алып, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамының 6-статьясы (Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993 йил, 9-сон, 320-модда)на муўапық, район аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде, Кегейли районы ҳәкими

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Төмендегилер:

а) Район аймағындағы мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм фермер хожалықларының техникаларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў комиссия курамы 1-қосымшаға;

б) Район аймағындағы мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм фермер хожалықларының автомоторанспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық ишки ислер бөлиминиң жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлимшесине (М. Дарибаев), транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ушын мүлкшилик түрине қарамастан райондағы зәрүр шәраят ҳәм үскенелерге ийе болған техника хызметин көрсетиўши станцияларды анықлаў ҳәм олар менен шәртнама дүзиў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Реженің 1-бөлими 5-бәнтиниң «а» киши бәнтиндеги транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши мәрте 2017-жылдың 1-март-30-июнь аралығында;

екинши мәрте 2017-жылдың 1-сентябрь-31-октябрь аралығында;

юридикалық тәреплерге қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2017-жылдың 1-март-30-июнь аралығында;

физикалық тәреплерге қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2017-жылдың 1-январь-31-август аралығында өткерилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

4. Райондағы барлық мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм жәмийетлердиң басшылары тәрепинен есабындағы транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў иләжларын көрсин.

5. Райондағы барлық мәкеме, кәрхана, шөлкем, жәмийетлер ҳәм меншигинде транспорт қураллары болған пуқаралар өз транспорт қуралларын белгиленген мүддетлерде мәжбүрий техникалық көриктен өткериўге алып келиўин, техникалық жақтан сазлығын ҳәм оларды жарамлы аўҳалда алып келиўин тәмийинлесин.

6. «Кегейли турмысы» газетасы бас редакторына (Е.Мухамбетов), транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктиң басланғанлығын ҳәм өткериў барысын газета бетлеринде жәриялап барыў тапсырылсын.

7. Кегейли районы ҳәкиминиң 2016-жыл 17-февраль күнги «Кегейли районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында»ғы 45-02-санлы шешими («Кегейли турмысы» газетасы, 2016-жыл 29-февраль 4(6120) 2016-жыл 31-декабрден өз күшин жойытқан деп есапланысын.

8. Бул шешим район ҳәкимлигиниң веб-сайтында ҳәмде «Кегейли турмысы» газетасында рәсмий жәриялансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары А. Отемуратовқа ҳәм районлық ишки ислер бөлими баслығы А. Салиевқа жүкленсин.

10. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди

Кегейли районы ҳәкими: **М. Абдиров**

Кегейли районы ҳәкиминиң
2017-жыл «21» февральдағы
142-02-санлы шешимине
1-қосымша

Район аймағындағы мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм фермер хожалықларының техникаларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў комиссия қурамы

1. М. Дарибаев	районлық ишки ислер бөлиминиң ЖҲҚ бөлимшеси баслығы, комиссия баслығы
2. К. Мамбетниязов	район ҳәкимлиги бас қәнийгеси, комиссия хаткери
	Комиссия ағзалары
3. К. Жиенбаев	районлық қаржы бөлими баслығы
4. Қ. Нурымбетов	районлық аўыл ҳәм суў хожалығы басқармасы баслығы
5. У. Шайпурышова	районлық медицина бирлеспеси баслығы
6. Қ. Бекимбетов	районлық халық билимлендириў мекемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм шөлкемлестириў бөлими баслығы
7. Т. Алламбергенов	районлық айрықша жағдайлар бөлими баслығы
8. А. Жиемуратов	«Камолот» ЖЖҲ районлық кеңеси баслығы
9. Т. Кайыпназаров	районлық жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў ҳәм пайдаланыў кәрханасы баслығы
10. Ш. Жиемуратов	«Ватанпарвар» шөлкеми баслығы ў.ў.а
11. И.Оразбаев	районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы баслығы
12. М. Рысназаров	районлық мәмлекетлик тәбиятты қорғаў бөлими баслығы
13. Е.Мухамбетов	«Кегейли турмысы» газетасы бас редакторы

Еслетпе: *Комиссия ағзалары басқа жумысқа өзгерген жағдайда комиссия қурамына олардың лаўазымына жаңадан тайынланған шахслар киритиледи.*

Кегейли районы хәкиминің
2017-жыл «21» февральдағы
142-02- санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағындағы мәкеме, кәрхана, шөлкем хәм фермер хожалықларының автомоторанспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Мекеме, кәрхана хәм шөлкем атамалары	Автомототранспортларды техникалық көриктен өткериў ўақты		Өткериле-туғын орны
		Барлық транспортлар	Жолаўшы тасыўшы транспортлар	
1	М.Жуманазаров ММТП	01.03.2017	01.09.2017	Өз гаражында
2	Фермер хожалықлары менен биргеликте	02.03.2017		Өз гаражында
3	Кегейли ММТП	06.03. 2017	02.09.2017	Өз гаражында
4	Фермер хожалықлары менен биргеликте	07.03. 2017		Өз гаражында
5	К.Абибуллаев ММТП	07.03.2017	04.09.2017	Өз гаражында
6	Фермер хожалықлары менен биргеликте	09.03.2017		Өз гаражында
7	Халқабад ММТП	10.03.2017	04.09.2017	Өз гаражында
8	Фермер хожалықлары менен биргеликте	11.03.2017		Өз гаражында
9	Даруазақум ММТП	13.03.2017	05.09.2017	Өз гаражында
10	Фермер хожалықлары менен биргеликте	14.03.2017		Өз гаражында
11	Б.Каримбердиев ММТП	15.03.2017	06.09.2017	Өз гаражында
12	Фермер хожалықлары менен биргеликте	16.03.2017		Өз гаражында
13	Куўаныш жарма ММТП	17.03.2017	07.09.2017	Өз гаражында
14	Фермер хожалықлары менен биргеликте	18.03.2017		Өз гаражында
15	Еркиндәрья аўыл хожалық ширкети (АХШ)	24.03.2017	08.09.2017	Өз гаражында
16	Төрткул АХШ	27.03.2017	09.09.2017	Өз гаражында
17	Қазанкеткен АХШ	29.03.2017	10.09.2017	Өз гаражында
18	Порлытаў АХШ	31.03.2017	11.09.2017.	Өз гаражында
19	Аспантай АХШ	31.03.2017	11.09.2017.	Өз гаражында
20	Кегейли автотранс сервис	01.04.2017	12.09.2017	Өз гаражында

21	Районлық медицина бирлеспеси, филиаллары менен	03.04.2017	12.09.2017.	Өз гаражында
22	Районлық санэпидстанция	04.04.2017	13.09.2017.	Өз гаражында
23	Бийбатыр Асқаров ЖШЖ	05.04.2017	14.09.2017.	Өз гаражында
24	Абаданластырыў баскармасы	07.04.2017	16.09.2017.	Өз гаражында
25	Районлық жол хожалығын кесип алып иследў, оңлаў, пайдаланыў кәрханасы	10.04.2017	18.09.2017.	Өз гаражында
26	Кегейли туман газ филиалы	10.04.2017	18.09.2017.	Өз гаражында
27	Кегейли электр тәмийинлеўши кәрханасы	11.04.2017	19.09.2017.	Өз гаражында
28	Нөкис-Түйемойын суў өткизгишлеринен пайдаланыў баскармасы районлық филиалы	12.04.2017	20.09.2017.	Өз гаражында
29	Кегейли аўыл хожалық химия бөлими	17.04.2017	22.09.2017.	Өз гаражында
30	Кегейли аўыл хәм суў хожалығы бөлими	18.04.2017	23.09.2017.	Өз гаражында
31	Қазанкеткен аўыл хожалық кәсип-өнер колледж	20.04.2017	25.09.2017.	Өз гаражында
32	Еркиндарья аўыл хожалық кәсип-өнер колледж	21.04.2017	26.09.2017.	Өз гаражында
33	Кегейли турмыс хызметин көрсетиў кәсип-өнер колледж	22.04.2017	27.09.2017.	Өз гаражында
34	Халқабад санаат-транспорт кәсип-өнер колледж	24.04.2017	27.09.2017.	Өз гаражында
35	Кегейли агросанаат кәсип-өнер колледж	25.04.2017	28.09.2017.	Өз гаражында
36	Кегейли қурылыс хәм информациялық технологиялары кәсип-өнер колледж	25.04.2017	29.09.2017.	Өз гаражында
37	Кегейли ветстанция	27.04.2017	02.10.2017.	Өз гаражында
38	Халқабад «Мамығы» АЖ	28.04.2017	03.10.2017.	Өз гаражында
39	Мәденият хәм спорт ислери бөлими	06.05.2017	06.10.2017.	Өз гаражында
40	Кегейли Халық билимлендириў мекемелери хызметин методикалық тәмийинлеў хәм шөлкемлестириў бөлими	08.05.2017	08.10.2017.	Өз гаражында
41	Район хәкимлиги	10.05.2017	10.10.2017.	Өз гаражында
42	Ватанпарвар СТК жәмийети	11.05.2017	11.10.2017.	Өз гаражында
43	Мәмлекетлик салық инспекциясы	13.05.2017	12.10.2017.	Өз гаражында

44	Қаржы бөлими	15.05.2017	13.10.2017.	Өз гаражында
45	Кегейли почта байланыс тармағы	15.05.2017	14.10.2017.	Өз гаражында
46	Кегейли телекоммуникация тармағы	19.05.2017	17.10.2017.	Өз гаражында
47	Кегейли агробанк	22.05.2017	18.10.2017.	Өз гаражында
48	Кегейли халық банк	23.05.2017	19.10.2017.	Өз гаражында